# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–29 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु कहले हइनि कि जागरूकता पर आधारित लगतारे सक्रियता अउर सबके सामूहिक कोसिस से पर्यावरण क संरक्षण अउर ओकर संवर्धन सम्भव बा। राष्ट्रपति नई दिल्ली में विज्ञान भवन में दुइ दिन क राष्ट्रीय पर्यावरण सम्मेलन क उद्‌घाटन करत आजु ई बाति कहलीं। उहां के कहलीं कि आवे वाले पीढ़ियन के साफ वातावरण बिरासति में दीहल हमनी क नैतिक जिम्मेदारी हौ।

***स्वच्छ पर्यावरण हमारा दैनिक जीवन और स्वास्थ्य के लिए कितना जरूरी है, यह हम सब जानते हैं। धूल और धुए होने वाले वायु प्रदूषण का फेफड़ो पर बुरा असर पड़ता है। अनेक अध्ययन यह बताते हैं कि वायु प्रदेषण से लाइफ इक्सपेक्टेंसी पर विपरीत प्रभाव पड़ता है। पर्यावरण की स्वच्छता के लिए हर संभव प्रयास करके ही हम सब स्वस्थ्य और समृद्ध भारत का निर्माण कर सकते हैं।***

**********

बिहने से चइत नवरातर क पावन तिउहार सुरू हो जाई, जवन छौ अपरैल ले चली। नवरातर के ले के प्रदेस भर के दुर्गा मंदिरन में खास साफ–सफाई अउर सजावट क कार चलि रहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अधिकारियन के साथे बासंतिक नवरातर अउर श्रीरामनौमी से जुड़ल तइयारियन क समीक्षा कइलें। उहां के निरदेस दिहलीं कि चइत रामनौमी के मंगलमयी उपलक्ष्य पर सज्जो जिलन में चउबीस घंटा क श्रीरामचरितमानस क अखण्ड पाठ करावल जाए। उहां के कहलीं कि पांच अपरैल के दुपहरिया से सुरू हो के अखण्ड मानस पाठ क पूर्णाहुति श्रीरामनौमी के दिन्ने छौ अपरैल के दुपहरिया बारह बजे श्रीरामलला क सूर्य तिलक के साथे होखे के चाही।

ओहर, कई मंदिरन में पारम्परिक मेलो आयोजित होई। पूरबी उत्तर प्रदेस के देवीपाटल सक्तिपीठ क मसहूर चइत नवरातर मेला बिहने से सुरू हो जाई। ई मेला एक महिन्ना ले चले ला। ओइजा क जिलाधिकारी अउर पुलिस अधीक्षक आजु मेला क्षेत्र क निरीक्षण कइ के तइयारियन क जायजा लिहलें। ओहीं, अजोध्यो में मसहूर रामनौमी मेला क आजु से सुरूआति हो गइल। हमरे प्रतिनिधि बतवलें कि मेला के ले के प्रसासन अउर श्रीराम मंदिर तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट के ओरि से पुरहर तइयारी कइल गइल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने भिन्नहीं इग्यारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम में देस–बिदेस के लोगिन के साथे आपन बिचार साझा करिहें। ई मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ बीसवीं कड़ी होई। ई कार्यक्रम आकाशवाणी अउर दूरदर्शन क सज्जो नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार क वेबसाइट अउर न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐपो पर प्रसारित होई। मन की बात क सोझै प्रसारण आकाशवाणी समाचार, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय के यूट्यूब चैनलो पर कइल जाई। हिन्दी प्रसारण के जुरते बाद आकाशवाणी से प्रादेसिक भासा में येह कार्यक्रम क प्रसारण कइल जाई।

**********

विश्व क्षय रोग दिवस के उपलक्ष्य में आजु प्रदेस के कई जिलन में टीबी मुक्त ग्राम पंचयतन के सम्मानित कइल जाई। प्रदेस क महानिदेसक चिकित्सा स्वास्थ्य चउबीस मार्च के मनावल जाये वाला विश्व क्षय रोग दिवस के येह बेरि ओन्तीस मार्च के मनावल गइले क निरदेस दिहले रहलें। येही कड़ी में गोरखपुर जिला में महापौर डॉक्टर मंगलेश श्रीवास्तव, ग्रामीण विधायक विपिन सिंह अउर बांसगांव क विधायक डॉक्टर विमलेश पासवान टीबी मुक्त भइल दुइ सौ निन्यानबे ग्राम पंचायतन के परधानन के सम्मानित कइलें। येह मौका पर एडी हेल्थ डॉक्टर बीएम राव, सीएमओ डॉक्टर आशुतोष कुमार दुबे अउर डीटीओ डॉक्टर गणेश यादव ग्राम परधानन के राष्ट्रीय टीबी उन्मूलन कार्यक्रम के बारे में जनकारी दिहलें।

**********

प्रदेस क समाज कल्याण विभाग अउर जनजाति विकास विभाग के ओरि से चलि रहल जय प्रकाश नारायण सर्वोदय विद्यालयन में सैक्षिक सत्र दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे प्रवेस परीक्षा बिहने होई। निरधारित केन्द्रन पर हो रहल येह परीक्षा में सामिल होखे बदे बासठ हजार तीनि सौ बेयासी विद्यार्थी आवेदन कइले हवें। एगो रिपोर्ट–

***सर्वोदय विद्यालयों में नवोदय पैटर्न पर पढ़ाई होती है। इस वर्ष प्रवेश प्रक्रिया के तहत कक्षा छह, सात, आठ, नौ और ग्यारहवीं में विद्यार्थियों का चयन होगा। ग्यारहवीं के बच्चों के लिए प्रवेश परीक्षा नहीं होगी, बल्कि दसवीं के अंकों के आधार पर मेरिट लिस्ट तैयार की जाएगी। बाकी कक्षाओं के लिए कल दो पालियों में प्रवेश परीक्षा होगी। पहली पाली की परीक्षा सुबह ग्यारह बजे से शुरू होगी। परीक्षा के परिणाम इकतीस मार्च को घोषित कर दिये जाएंगे। आकाशवाणी समाचार कक्ष से मैं अरूण।***

**********

प्रदेस में अगिला चउबीस घंटा के बाद अधिकतम तापमान में तीनि से पांच अउर न्यूनतम तापमान में दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस के बढ़ोत्तरी क सम्भावना हौ। एहसे गरमी अउरियो बढ़ी। ई जनकारी मौसम विज्ञान विभाग के ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन में दीहल गइल हौ।

**********